



Pou Piblikasyon Imedya: 30/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON LISANS ALKÒL POU 7 BA NAN VIL  
NEW YORK, KONTE WESCHESTER, AK KONTE ERIE APRE VYOLASYON  
FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ AK KOWONAVIRIS YO**

***Gwoup travay milti-ajans lan te reyalize 835 verifikasyon konfòmite madi swa, te  
obsève 41 vyolasyon anplis***

***Pandan ijans sante piblik Kowonaviris la, yo deja sispann lisans alkòl pou 64  
biznis***

***Yo te depoze ak trete 549 akizasyon pandan pandemi an, lis aktyalize sispansyon  
ak akizasyon yo disponib [isit la](#)***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse eta a te sispann lisans alkòl pou 7 ba -- senk nan Vil New York, youn nan Konte Westchester, ak youn nan Konte Erie -- apre yo te dekouvri vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif yo ki gen rapò ak pandemi an. Nan mèkredi swa sa a, gwoup travay milti-ajans eta a, ke Lapolis Eta a ak Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a te dirije, te mennen plis pase 835 verifikasyon konfòmite epi yo te dokimante vyolasyon nan 41 etablisman. Depi lendi, gwoup travay la te konplete 1,966 verifikasyon konfòmite ak obsève 96 vyolasyon, pou yon to non konfòmite ki prèske 5 %. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

"Pousantaj enfeksyon k'ap moute nan mitan jèn moun yo ak pwoblèm ba yo ki gen anpil moun pa inik nan New York -- Òganizasyon Mondyal Sante (OMS) (World Health Organization, WHO) te avèti sa, eta yo nan tout peyi a ap fè fas ak li, e menm Prezidan an te di jèn yo ta dwe evite ba -- men nou ap pran mezi desizif nan Empire State la pou asire ke li pa destabilize pwogrès nou an kont kowonaviris la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Yè swa, gwoup travay nou an te obsève vyolasyon nan 41 lòt etablisman nan rejyon sid la, epi jodi a nou ap sispann 7 ba atravè eta a ki te bafwe règ ki gen rapò ak coronavirus yo. Lapolis Eta a ak Otorite Likè Eta a ap fè travay yo -- epi nou bezwen gouvènman lokal yo leve kanpe pou fè travay pa yo."

**Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta a, te deklare,** "N'ap kontinye kenbe detantè lisans yo responsab pou pwoteje sante ak sekirite Nouyòkè yo nan ba ak nan restoran yo. Nouyòkè yo te sakrifye pou pliye koub koronaviris la, epi nan yon

moman kote plizyè douzèn eta ap konstate ka yo k'ap monte, nou tout gen yon responsablite pataje pou kenbe viris sa a adistans".

Lannuit pase a, investigatè yo nan eta a te obsève vyolasyon nan 41 etablisman, epi akizasyon fòmèl yo an preparasyon. Repatisyon jeyografik vyolasyon yo ki te obsève lannuit pase a gen ladan:

- The Bronx -- 5
- Brooklyn -- 2
- Manhattan -- 20
- Queens -- 11
- Nassau - 3

Sèt te resevwa lòd ijans pou sispansyon somè ki soti nan Konsèy Otorite Alkòl Eta a apre yon reyinyon 30 jiyè a:

**"Atlantic Bar" nan 84 Croton Avenue nan Ossining**

SLA a te resevwa yon referans ki soti nan Depatman Lapolis Vilaj Ossining konsènan yon ensidan nan etablisman an 24 jiyè a. Nan dat sa a, ofisye yo te obsève plizyè kliyan kt t'ap rasanble anplennè, ak devan pòt biznis la fèmen. Ofisye yo te fè mèt biznis lan ouvri pòt devan an, kote yo te obsève anpil kliyan anndan ki t'ap bwè epi melanje san yo pa kouvri vizaj yo epi pa gen okenn manje ke yo t'ap sèvi.

**"The Village Line" nan 1809 Kenmore Avenue nan Kenmore**

24 jiyè a, an repons a plent ke lokal yo pa sèvi manje, yon anketè SLA te antre nan brasri a epi obsève twa kliyan chita nan ba a ap bwè alkòl san manje. Apre yo fin mande yon anplwaye yon meni, yo te di investigatè a ke li kapab ale achte pitza nan biznis akote a epi li ka retounen nan ba a ak li -- pou admèt ke pa gen okenn manje ki disponib. Yo te chaje brasri a pou vyolasyon Dekrè Egzekitif 202.52 paske li sèvi alkòl san manje, anplis de yon chaj "movèz fwa" (non bona fide) paske yo pa gen manje ki disponib, ki se yon egzijans pou tout brasri ki gen lisans ki date depi ane 1964.

**"Hi Life Bar & Grill" nan 477 Amsterdam Avenue nan Manhattan**

Nan dat 29 jiyè a, investigatè ak gwoup travay milti-ajans eta a te obsève kliyan ki chita epi ke yo t'ap sèvi anndan an, anba yon estrikti pèmanan, an vyolasyon a direktiv pwovizwa Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York pou sèvis anplennè.

**"Bar Tabac" nan 128 Smith Street nan Brooklyn**

24 jiyè a, investigatè ak gwoup travay milti-ajans eta a te obsève sèt anplwaye san yo pa gen kouvèti vizaj, enkli administratè lokal la, yon sèvè, resevè a, ak kat manm pèsonèl nan kwizin lan. Detantè lisans lan te byen okouran de egzijans yo, ak vyolasyon anvan nan Dekrè Egzekitif Gouvènè a nan mwa jen an.

**"Republic" nan 33-29 Astoria Boulevard nan Astoria**

24 jiyè a, envestigatè ak gwoup travay milti-ajans eta a te obsève lokal yo ouvri epi yo te fonksyone a 12:30 am, an vyolasyon ak kouvrefe 11 pm vil New York la pou sèvis anplennè, ak yon gwo kantite kliyan ki t'ap konsome alkòl ak fimen ouka sou twotwa a, ki te atène ak kliyan ki chita yo, tout sa yo pase dirèkteman devan lokal la.

### **"Kabu Bar Lounge" nan 85-09 Northern Boulevard nan Jackson Heights**

24 jiyè a, envestigatè ak gwoup travay milti-ajans eta a te obsève 25 kliyan kanpe, bwè ak rasanble devan lokal la, inyore règleman distans sosyal yo, epi yon sèvez te sèvi yo san li pa mete kouvèti vizaj. Kabu Bar Lounge se yon ofansè a repetisyon, avèk chaj annatant pou vyolasyon Dekrè Egzekitif (Executive Orders, EO) 26 ak 30 jen an.

### **"Lalile Steakhouse" nan 91-01 91-05 Astoria Boulevard nan East Elmhurst**

25 jiyè a, envestigatè ak gwoup travay milti-ajans eta a te obsève omwen 17 kliyan ki te kanpe epi ki t'ap bwè devan lokal la, san yo pa mete kouvèti vizaj oswa obsève direktiv distans sosyal yo. SLA a genyen tou yon referans ki soti nan NYPD ki dekri yon gwo kantite kliyan ki t'ap bwè devan lokal la apre kouvrefe 11 p.m. Vil New York la pou sèvis anplennè 18 jiyè a, ki gen ladan kliyan ki t'ap bwè, kanpe, epi rasanble.

Prezidan Bradley, Manm Komisyon Lily Fan ak Manm Komisyon Greely Ford te òdone sispansyon dijans yo nan yon reyinyon espesyal Komisyon Konplè a nan dat 30 jiyè ki te fèt atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman anba direktiv distans sosyal yo.

Aprè envestigatè eta a fin obsève vyolasyon yo, akizasyon fòmèl yo depoze ak amann yo ka emèt. Yo enpoze Sispansyon Somè ljan yo lè SLA a jwenn operasyon kontinyèl yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik. Odonans sispansyon yo sòti imedyatman epi rete an efè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm lan ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè a yon sispansyon dijans gen dwa ak yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)